

Kijan ou kapab evite viris Zika?

Pa gen vaksen pou evite Zika, men gen bagay ou kapab fè pou bese risk ou !

- Si ou ap viv nan oswa vizite yon zòn kote gen transmisyon lokal zika, pa kite moustik mòde ou.
- Si ou ansent, evite ale nan peyi kote gen moun ki gen Zika nan moman sa a.
- Si ou vwayaje nan yon zòn ki gen ka Zika aktyèl ak/oswa ki enfekte ak Zika, evite fè sèks san pwoteksyon pou omwen
 - 3 mwa apre retounen oswa sentòm yo kòmanse, si ou se yon moun.
 - 8 semèn apre retounen oswa sentòm yo kòmanse, si ou se yon fanm.
- Si ou se yon moun ki gen enfeksyon Zika a, oubyen ou te vwayaje nan peyi ki gen viris Zika a , oubyen ou te rete nan peyi ki gen viris Zika a , epi madanm ou ansent oswa ou itilize kapot chak le ou ap fe seks ,oubyen ou pa fe seks menm pandan gwoses la.



Anpeche Moustik Mòde Ou

Pandan ou deyò nan yon zòn ki gen moustik,

- Itilize pwodui anti-moustik.
 - Itilize pwodui anti-moustik EPA apwouve.
 - Si ou itilize yon pwodui ki gen DEET, pa itilize konsantrasyon ki pi plis pase 30% DEET. Pase DEET nan kote nan po ou ki ekspoze (pa zye ak bouch) ak sou rad ou, men pa itilize li sou blesi oswa maleng ki louvri. Pa pase pwodui a anba rad ou.
 - Pa kite timoun yo pase pwodui anti-moustik sou kò yo. Pase pwodui anti-moustik nan men ou epi fwote li sou timoun nan. Pa pase pwodui anti-moustik nan zye, bouch oswa men timoun yo, epi itilize li toutotou zòrèy yo avèk prekosyon.
 - Pa pase DEET sou timoun ki poko gen 1 an. Ou kapab mete moustikè sou pousèt tibebe yo. Pa itilize lwil ekalptis abaz sitwon sou timoun ki poko gen 3 zan.
- Lè gen bon tan, mete rad pwoteksyon tankou chemiz manch long, pantalon long, ak chosèt sou ou.
- Itilize klimatizè epi kite fenèt yo fèmen oswa mete tuil nan fenèt/pòt yo pou anpeche moustik antre. Si li nesèsè, dòmi anba yon moustikè.



Viris Zika



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611

Kisa viris Zika ye?

Viris Zika se yon mikwòb/jèm moun pran lè moustik mòde yo. Gen epidemi Zika an Afrik, Sidès Azi, Amerik-di-Sid, ak Zile Pasifik yo. Gen posiblite pou gen epidemi tou nan kèk lòt peyi. Pou jwenn enfòmasyon ki pi resan sou kote yo jwenn viris Zika, ale sou sitwèb: <http://www.cdc.gov/zika/geo/index.html>.

Kisa sentòm viris Zika yo ye?

Apre 1 moun sou 5 ki enfekte avèk viris Zika ka gen sentòm yo. Sentòm ki pi komen yo se lafyèv, gratèl, doulè jwenti, ak zye wouj. Anjeneral, maladi a se yon maladi ki pa grav. epi li vini avèk sentòm ki dire kelke jou ak yon semèn. Li ra pou yon moun ki gen Maladi sa a arive entènè lopital.



Kijan viris Zika simaye?

- Sitou lè yon espès moustik ki rele *Aedes* ki enfekte mòde moun.
- Se menm moustik sa yo ki simaye lafyèv deng ak chikungunya.
- Anjeneral, yo ponn ze nan ak toupre dlo dòmi ki nan bagay tankou bokit, bòl, asyèt pou bèt, po flè ak vaz.
- Yo se bèt ki mòde lajounen malgre yo kapab mòde lanwit tou.



Zika kapab simaye tou...

Nan kontak seksyèl:

Yon moun ki enfekte kapab bay patnè'l zika viris la le yo fe seks

- Pandan gwosès:

Yon manman ki enfekte kapab pase viris la bay tibebe ki nan vant li an.

Pou kounye a, pa gen rapò ki di gen tibebe ki pran viris Zika nan tete.

- Nan transfizyon san:

Men, jouk kounye a, pa gen rapò ki di sa te rive.



Kimoun ki arisk pou enfekte?

Nenpòt moun ki ap viv oswa vwayaje nan yon zòn kote ki gen viris Zika kapab enfekte avèk viris la. Pou pifò moun, viris Zika pa lakòz yo gen maladi grav. Men, viris Zika a ka fe malfòmasyon nan nesans. Li ka fe Tibebe fèt ak mikwozefali (tèt ak sèvo ki piti) ak lòt malfòmasyon si manman an te gen zika viris la pandan gwosès la. Se poutèt sa, tout fanm ansent ta dwe:

- Ranvwaye vwayaj yo nan zòn ki gen aktivite lokal viris Zika.
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante yo EPI anpeche moustik mòde yo si yo vwayaje nan zòn ki gen transmisyon lokal viris Zika.
- Evite fè sèks san pwoteksyon ak patnè'w si ou menm oubyen patne ou te vwayaje nan zòn ki gen viris Zika la.

Medam yo ki ap eseye vin ansent ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo anvan yo vwayaje nan zòn sa yo, epitou yo ta dwe evite moustik mòde yo pandan vwayaj la.